



Aplikasyon lisans chofè ki gen yon **pèmi pou aprantisay minè (Klas DJ oswa MJ)** dwe bay sètifika sa a konplètman ranpli a Ekzaminatè Lisans pou Machin a Motè a chak fwa gen yon tès pratik. Moun ki aplike yo fèt pou te kondi pandan omwen 50 èdtan avèk sipèvizyon, ki gen ladan 15 èdtan apre kouche solèy la. Kantite èdtan moun nan kondi avèk sipèvizyon nan yon Kou sètifye pou Edikasyon Chofè konsidere kòm pati 50 èdtan obligatwa a, epi yo kapab sètifye li padèyè fòm sa a.

Non Moun ki Aplike a _____ Nimewo ID _____
Pèmi Apranti _____
Adrès _____

NÒT POU PARAN OSWA RESPONSAB LEGAL YON JÈN CHOFÈ: Ou kapab anile konsantman ou te bay la lè jèn chofè ki dekri anwo a te soumèt yon aplikasyon pou yon pèmi apranti oswa pou yon lisans chofè. Pou anile pèmi oswa lisans chofè klas DJ oswa MJ jèn chofè a, ranpli fòm MV-1W (Anilasyon Konsantman), epi soumèt fòm nan ba DMV.

OTANTIFIKASYON

Mwen konfime mwen se paran oswa responsab legal moun ki aplike ki gen non li endike anwo a. Mwen konfime tou moun ki aplike a te kondi **pandan omwen 50 èdtan** avèk sipèvizyon, ansanm avèk 15 èdtan apre kouche solèy la. Mwen rekonèt kèk oswa tout kantite èdtan kondi avèk sipèvizyon an te ka fèt avèk yon enstriktè oto-ekòl ki gen lisans oswa avèk pwofesè edikasyon chofè, e ke èdtan sa yo ka sètifye anba a. Mwen sètifye nenpòt kantite èdtan kondi pa t fèt avèk sipèvizyon pa t fèt avèk yon enstriktè oto-ekòl ki gen lisans oswa avèk pwofesè edikasyon chofè: 1) anba sipèvizyon imedyat yon moun ki gen omwen laj 21 ane epi ki gen yon lisans ki valab nan Eta New York pou opere kalite veyikil ki te itilize a, epitou 2) annakò avèk nenpòt restriksyon rejyonal ki anvigè pou kondi avèk yon pèmi jèn apranti nan zòn nan. Mwen rekonèt si mwen bay nenpòt fo enfòmasyon sou otantifikasyon sa a sa ka yon krim (krim oswa deli), ki kapab lakòz mwen peye yon amann, mwen ale nan prizon, oswa toulède sanksyon yo.

Non Paran ou Responsab Legal an lèt detache _____

Siyati Paran oswa Responsab legal _____ Dat la _____

MV-262FC (11/16)

Kantite èdtan ou kondi avèk sipèvizyon yon enstriktè oto-ekòl oswa yon pwofesè edikasyon chofè kapab sètifye nan tablo ki anba la a. Tout enfòmasyon ou bay nan tablo sa a fèt pou konfime nan dosye ki obligatwa dapre règleman Depatman Veyikil-a-Motè ak Depatman Edikasyon Eta. Nenpòt fo deklarasyon se yon vyolasyon seksyon 392 Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon, epitou se yon deli.

Non Lekòl la	Nimewo Lisans Oto-Ekòl la	Non Enstriktè a	Nimewo Sètifika Enstriktè a	Kantite Èdtan ki Sètifye	Siyati Administratè oswa Pwopriyetè oswa Enstriktè

